लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# अलविदा फिरौन!



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest; Alastair Paterson

अनुकूलित: Lyn Doerksen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



फिरौन बहुत गुस्सा में
रहलन! मूसा की माध्यम से
परमेश्वर उनके आज्ञा
दिहलें की इस्राएली गुलामन
के मिस्र में से उ जाए देंव।
पर उ ए सब के कइला से
मना कर दिहलन।


"अउर कठिन काम करावे खातिर", फिरौन अपनी गुलामन की अधिकरीयन के आदेश दिहलन। अब ई चीज इस्राएलियन की खातिर अउर भी बदतर हो गइल।

"खुद से पुअरा इकट्ठा करअ जा। अब हमनी क एके लिया के ना देइब जा। लेकिन ईंटा ओतने ही संख्या में बने के चाहीं।" ई सब ओ फिरौन क नाया आदेश रहल।




कुछ गुलामन की पास पुआल इकट्ठा करे अउर ओतना ही संख्या में ईंटन के बनवला खातिर पर्याप्त समय ना रहल,
ए खातिर टोली क मुखिया ओ लोगन के चाबूक से मरलें।



लोग सब अपनी
ए परेशानी की
खातिर मूसा अउर
हारून के दोषी
ठहरवलें। मूसा के
प्रार्थना कइला
क एगो जगह
मिलल।



उ कहलन, "हे
परमेश्वर" "तू अपनी
लोगन के त एकदमे
नेइखअ बचवले" उ
रोवलन; परमेश्वर
जवाब दिहलन, "हम
यहोवा हँई, अउर हम
तोहन लोग के निकाल
के बाहर ले जाइब।"

फिर परमेश्वर मूसा अउर
हारून के फिरौन की
पास वापस भेजलें।
जब शक्तिशाली
शासक परमेश्वर की
सेवकन से एगो
चिंन्ह की खातिर
कहलन,



तब हारून क लाठी
एगो रेंगत साँप में
बदल गइल।



फिरौन गरजते की साथ आज्ञा दिहलन, "हमरी जादूगरन के बुलावअ जा" जब मिस्र क जादूगर लोग अपनी लाठी के नीचे फेकलें तब, ओ लोगन क लाठी भी सांप बन गइल। लेकिन हारून क छड़ी दूसरा लोगन की छड़ी के घोंट लिहलस। फिर भी, फिरौन लोगन के जाए दिहला से मना क दिहलन।

अगली सुबह, मूसा अउर हारून नदी की किनारे फिरौन से मुलाकात कइलें। जब हारून अपनी छड़ी के बाहर की ओर निकललें तब, परमेश्वर पानी के खून में बदल दिहलन। सब मछरी मरे लगली! लोग ए पानी के पी ना सकलें!



लेकिन फिरौन अपनी मन के कठोर कइलन। उ इस्राएली लोग के मिस्र छोड़ के जाए ना दिहलन।





फिर मूसा फिरौन से कहलें कि परमेश्वर की लोगन के जाए दअ। फिरौन फिर मना कर दिहलन। परमेश्वर एगो अउर महामारी भेजलें। पूरा मिस्र मेंढ़क से भर गोइल। हर घर, हर कमरा में, ईहां तक कि खाना पकावे वाला कठौती में भी मेंढक भर गोइलन!



"प्रार्थन करअ की परमेश्वर ए मेंढकन के हमसे दूर करें," फिरौन निवेदन कइलन "अउर कहलन हम तोहरी लोगन के जाए देइब।" जब, मेंढ़क चल गोइलन सअ, तब फिरौन क मन फिर बदल गोइल। हम दासन के मुक्त ना करब।

तब परमेश्वर अरबों की संख्या में छोटवर कीड़ा, कुटकियन के भेजलें। हर व्यक्ति अउर जानवर उनकरा कटला से खुजली कइलन। लेकिन फिरौन तव भी परमेश्वर की खातिर लोगन के ना छोड़लन।







फिर परमेश्वर उन
सब की बीच में माछीन
की झुण्ड के भेजलें।
परमेश्वर मिस्त्रियन की
'मवेशियन के
मारे की खातिर
रोग भेजलें।



परमेश्वर दर्दनाक फोड़न के भेजलें। लोग दर्दनाक दुःख सहलें फिर भी फिरौन परमेश्वर क विरोध कइलन।





दर्दनाक फोड़ा
की बिपत्ति की बाद,
परमेश्वर टिड्डियन
की झुण्ड के भेजलें।
टिड्डी पूरा देश में हर
हरियर पौधन के खा
गोइलीन।



फिर परमेश्वर तीन
दिन क घनघोर
अन्हरिया भेजलें।
लेकिन जिद्दी
फिरौन
इस्राएलियन के मु
क्त ना कइलस।

परमेश्वर चेतावनी दिहलें, "हम एगो अउर महामारी भेजब लगभग आधी रात में, आदमी अउर जानवरन क सब पहिलौंठा मारल जइहें।" परमेश्वर इस्राएली लोगन से कहलन, अगर उ लोग अपनी घर के चौकठन पर मेमना क खून लगइहें तअ उनकर पहिलौंठा बच जइहें।





लगभग आधी रात के, एगो महान बिलाप मिस्र में शुरू भईल। मौवत दस्तक दिहलस। हर घर में कम से कम एगो व्यक्ति क मृत्यु भईल रहल।





"ईहाँ से दूर चल जा जा," फिरौन मूसा से विनती कइलन। "अपनी प्रभु की सेवा की खातिर" तू लोग जा, जल्दी से, परमेश्वर क लोग मिस्र की सीमा से बहार कूच कइलन।



परमेश्वर फसह की रात के याद रखे
की खातिर मूसा से कहलें, काहें से कि
परमेश्वर क दूत इस्रायलियन की घर से होकर गुजरल अउर
फिरौन की संगे उनकी लोगन के मार डलले रहल।



मिस्र में 430 बरिष बितवला
की बाद, परमेश्वर क लोग अब आज़ाद
रहलें। परमेश्वर दिन में बादल क छाया, अउर रात में आग
क खम्भा की रूप में होकर उनकर अगुवायी कइलन।



लेकिन फिरौन इस्राएलियन की साथ एहीं तक सीमित ना रहलन। फिर से, उ परमेश्वर के भूला गइलन। फिर से, उ आपन मन बदल लिहलन।



अपनी सेना के इकट्ठा कर के दासन की पीछे चल दिहलन। जल्दी ही, उ लोगन के चट्टान अउर समुद्र की बीच फसल पवलन।



मूसा कहलें, "यहोवा तोहन लोग खातिर खुद ही लड़ीहन" मूसा पानी की किनारे आगे गोइलन, अउर अपनी हाथ के फइलवलन|



एगो अद्‌भुत
चमत्कार भईल।
परमेश्वर पानी की
बीच में से एगो
रास्ता खोल दिहलन।
लोग सुरक्षित ओकरी
बीच में से पार
हो गोइलें।

तब फिरौन क सेना लाल सागर में प्रवेश कइलस। सैनिक सोचलें, "अब हम उन लोगन के पकड़ लेइब जा।" लेकिन परमेश्वर पानी के पुनः वापस एक समान कर दिहलन।



मानअ अइसन कि मिस्र की शक्तिशाली सेना के समुद्र निगल गोइल। अब फिरौन जान लिहलन की इस्राएल क परमेश्वर सबकअ परमेश्वर हउवें।



# अलविदा फिरौन!

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

निर्गमन 4-15

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16